

Regleman 5.9 Kont Entimidasyon

SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA- KONSÈY EDIKASYON BROWARD COUNTY PRAN ANGAJMAN PWOTEJE ELÈV, ANPLWAYE, AK APLIKAN POU ADMISYON KONT ENTIMIDASYON/ASÈLMAN (BULLYING), ARASMAN, OSWA DISKRIMINASYON POU NENPÒT REZON EPI SOU NENPÒT FÒM. SCHOOL BOARD KWÈ TOUT ELÈV AK ANPLWAYE ANDWA FÈ ESPERYANS ESKOLÈ KI OFRI SEKIRITE, KI EKITAB, EPI KI LIB DE TOUT ARASMAN. YO PAP TOLERE ENTIMIDASYON, ARASMAN, OSWA DISKRIMINASYON EPI SE VA LAKÒZ AKSYON DISIPLINÈ. REGLEMAN SA DWE ENTÈPRETE EPI APLIKE YON FASON KONSISTAN AVÈK LWA LETA EPI LWA FEDERAL KI APLIKAB E AVÈK KONTRA KOLEKTIF KONSÈY EDIKASYON APWOUVE. KONDWIT KI KONSTITYE ENTIMIDASYON, ARASMAN OSWA DISKRIMINASYON, SELON DEFINISYON AKTYÈL, ENTÈDI. POLICY 4001.1, DEKLARASYON NON DISKRIMINASYON, ADRESE KONDISYON NESESÈ POU PWOTEJE KATEGORI MOUN ONIVO FEDERAL, LETA, EPI LOKAL.

LI ESANSYÈL POU N METE AN PLAS YON PWOGGRAM PREVANSYON INIVÈSÈL E BAZIK KONSA CHAK LEKÒL VA RESEVWA PWOGGRAM LA KI VA SÈVI KÒM FONDASYON NAN BATI YON KILTI SANTE, BYENNÈT, SEKIRITE, RESPÈ AK EKSELANS.

Nòm regleman sa konstitye yon sistèm sipò espesifik, sible, kowòdone, entegre, sansib kiltirèlman pou tout élèv, estaf, fanmi, ak ajans kominoté nan kad amelyorasyon relasyon andedan chak lekòl. Direktiv la egzije tout pèsonèl eskolè resevwa fòmasyon ki nesesè epitou jwenn sipò lè lekòl la angaje li pwomouvwa sansibilizasyon, ofri trening pou entèvansyon, ak anseye estrateji sou prevansyon, ikonpri prevansyon vyolans; nan sans sa ankouraje estaf, paran ak élèv Distri a patisipe nan divèrs trening epitou mande swivi lè ensidan rapòte ak/oswa rive.

I. Definisyon

A. “**Bullying**” (Entimidasyon) enkli “**Cyberbullying**” (sibèbulling oswa sibèentimidasyon), vledi fè yon élèv oswa plizyé élèv oswa anplwaye soufri nan kò oswa gen detrès sikolojik kote santiman ak emosyon afekte. Yo dekri aksyon bully tou kòm yon konpòtman fizik agresif, konpòtman ekri oswa vèbal endezirab ki enkli jès mennasan, ensiltan, oswa ki pa respekte diyite moun, yon granmoun oswa yon élèv manifeste konpòtman sa, kondwit ki gen ase potansyèl pou kreye yon anviwonnan edikatif ki kapab entimidan, ostil oswa chokan; oswa lakòz donmaj alontém; kondwit ki lakòz anbarasman oswa imilyasyon; ki entefere enjisteman avèk péfòmans eskolè oswa patisipasyon yon élèv. Konpòtman repetitif-sa-a manIFESTE souvan avèk yon pouvwa dominan.

Men kék egzanp bullying men se pa yo sèlman:

1. Takine
2. Ensiste oswa fòse yon moun izole tèt-li, anpeche li patisipe nan séten aktivite sosyal (social exclusion)*
3. Fè mennas
4. Entimidasyon - kraponay
5. Stalking (arase, swiv yon moun souvan nan move entansyon)
6. Agresyon, vyolans atak fizik (nan kò)
7. Vòl
8. Arasman/pèsekisyon seksyèl, reliye oswa rasyal
9. Imilyasyon piblik (devan lòt moun) oswa imilyasyon an prive

10. Destriksyon, kraze brize sa ki pou lezòt oswa sa ki pou moun

*Note: Eksklizyon sosyal se lè tou ou iyore prezans yon moun swa ak ankourajman ak/oswa gwo presyon.

- B.** “*Cyberbullying*” sibéentimidasyon, entimidasyon nan Entènèt- se yon zak bullying oswa arasman ak/oswa entimidasyon yon moun, avèk itilizasyon teknoloji nimerik (dijital) oswa avèk nenpòt lòt komunikasyon elektwonnik, enkli men san limitasyon, avèk transfè siy, siyal, ekriti, imaj, son, done, oswa enfòmasyon kèlkeswa nati-a, transmèt, totalman oswa an pati, avèk elektrisite, lyezon radio, sistèm elektwomayetik, sistèm fotoelektrik, oswa sistèm fotoelektwonnik, sistèm fotooptikal, enkli, san limitasyon, avèk kourye elektwonnik, komunikasyon Entènèt, mesaj enstantane, oswa komunikasyon ak faks. Sibéentimidasyon se lè yon moun kreye yon pajweb oswa weblogin kote li itilize idantite yon lòt moun, oswa gen izipasyon idantite konni yon lòt moun (impersonation) pou fè tèt-li pase kòm otè kontni oswa mesaj poste; se yon ka sibéentimidasyon, depi kreyasyon sit-la oswa izipasyon idantite-a koresponn a nenpòt kondisyon enimere nan definisyon bullying. Sibéentimidasyon (cyberbullying) se distribye selon mwayen komunikasyon elektwonnik bay plis pase yon moun oswa se posting (piblikasyon) materyèl sou yon sipò elektwonnik ke yon sèl moun oswa plizyè moun kapab jwenn aksè ladann, si distribisyon an oswa posting koresponn a nenpòt kondisyon ki enimere nan definisyon bullying (F.S. s. 1006.147).

Note: Sistèm edikatif piblik K-12 konsidere nan kad responsabilite pa li, nenpòt konpitè, sistèm konpitè, oswa rezo konpitè ki sitiye fizikman sou pwopriyete lekòl oswa anrapò ak lekòl la oswa nan pwogram oswa aktivite sou patwonaj lekòl la, kèlkeswa pwopriyetè a. Definisyon krim anrapò ak konpitè dapre seksyon lwa F.S. s. 815.03 ak definisyon Cyberstalk dapre seksyon lwa F.S. s. 784.048(1)(d) aplikab pou seksyon sa.

Dapre lwa seksyon F.S. s. 810.145, vwayeris, konsidere kòm yon ofans kriminèl si zak la komèt sou sit Entènèt, epi gen karakteristik sibéentimidasyon (cyberbullying).

- C.** “*Harassment*” Arasman/pèsekisyón vledi tout jès mennasan, ensiltan oswa degradan, itilizasyon done, teknoloji, lojisyèl (sofwè) konpitè, oswa konpòtman ekri, vèbal, oswa agresif ki dirije kont yon elèv oswa yon anplwaye lekòl ki:

1. Fè yon elèv oswa yon anplwaye lekòl gen yon lapè kòmkwa yo kapab fè li mal oswa detwi sa ki pou li;
2. Gen pou efè entèfere konsiderableman pèfòmans edikasyon yon elèv, oswa pèfòmans travay yon anplwaye, oswa opòtinite oswa benefis anplwaye oswa elèv;
3. Ka afekte gravman epi negativman byennèt emosyonèl oswa mantal yon elèv oswa yon anplwaye; oubyen
4. Ka deranje gravman fonksyonnman ak disiplin lekòl la ak/oswa anviwonnanman travay distri eskolè a.

- D.** “*Cyberstalking*”, dapre definisyon nan seksyon F.S. s. 784.048(1)(d), vledi angaje nan aktivite pou kominike mo, imaj, oswa langaj grasa zouti komunikasyon elektwonnik oswa kourye elektwonnik, yon moun voye bay yon lòt moun oswa pou yon moun anpatikilye, ki lakòz detrès emosyonèl pou moun lan epi san bi rezonab. Definisyon adisyonèl nan seksyon lwa F.S. s. 815.03, aplikab tou.

- E.** “*Bullying*” (entimidasyon), “*Cyberbullying*” (Sibéentimidasyon)”, ak/oswa “*Arasman*” se:

1. Revanj yon elèv fè kont yon lòt elèv oswa revanj yon anplwaye fè kont yon lòt anplwaye pou konfime oswa prezime yon zak bullying, arasman oswa diskriminasyon te poze.

2. Revanj se lè ou rapòte yon zak entimidasyon (bully), arasman, oswa diskriminasyon, zak san fonnman, ki pa fêt an tout bonn fwa.
 3. Pépetye konpòtman ki sou lis definisyon bullying, arasman, cyberbullying, ak/oswa diskriminasyon lè yon moun oswa yon gwoup avèk entansyon pou rabese, diminye, anbarase oswa lakòz yon élèv oubyen yon anplwaye lekòl mal anpil swa nan emosyon-ni swa nan kò-ni paske:
 - a. Gen ankourajman oswa gwo presyon;
 - b. Gen aksé, konsyaman e volontéman, nan founi aksé nan done ak nan sofwe konpitè grasa konpitè, sistèm konpitè, oswa rezo konpitè ki fonksyone andean sistèm distri eskolé-a;
 - c. Ajisman an gen menm efè ak bullying, arasman oswa diskriminasyon.
- F. “Bullying”, “Cyberbullying”, “Harassment”, and “Discrimination”** – Entimidasyon, sibéentimidasyon, arasman ak diskriminasyon annapre refere a entimidasyon (bullying), jan sa defini nan Seksyon A, nan konteks Regleman an) enkli, men pa limite ak, zak ki komèt san move entansyon kont yon élèv oswa yon anplwaye, baze sou karakteristik pèsonèl reyèl oswa pèsepsyón: sou séks, ras, koulè po, reliyon, nasyonalite, laj, andikap (nan kò, mantal, oswa edikasyonèl), eta sivil, milye sosyo ekonomik, zansét, etnisite, enfòmasyon jennetik, séks, idantite seksyèl oswa espresyon seksyèl, patikilarite lengwistik, konviksyon politik, oryantasyon seksyèl, oswa milye sosyal/familial, yo gade élèv-la oswa anplwaye a kòm diferan nan pwogram edikatif oswa pou admisyon nan pwogram edikatif; kidonk, yo entèdi kikonk poze zak, aksyon bully tankou manb Konsèy Edikasyon, anplwaye Distri a, konsiltan, kontrakté, ajan, vizitè, volonté, élèv, oswa lòt moun andean oswa andeyò lekòl la, diran aktivite oswa reyinyon sou patwonnaj lekòl la, nan bis lekòl, ak kote gen trening oswa pwogram trening Distri a patwonnen. School Board bay Boy Scouts, Girl Scouts, ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksé egal. Pou egzijans lwa federal, lè zak sa yo poze kont kategori idantifye e pwoteje selon lwa federal, konsilte Policy 4001.1.
- Note:** Pou plis enfòmasyon konsilte Section II Liv Kòd Kondwit pou Elèv.
- G. “Accused”**- Definisyon **“Akize”** - Akize deziye nenpòt manb Konsèy, anplwaye Distri, konsiltan, kontrakté, ajan, vizitè, volonté, élèv, oswa tout lòt moun nan lekòl la oswa andeyò lekòl la ki patisipe nan evènman ak aktivite sou patwonnaj lekòl la, nan bis lekòl, epi nan sant fòmasyon oswa pwogram fòmasyon sou patwonnaj Distri a, akize a ta komèt yon zak entimidasyon (bullying) ke lòt moun rapòte.
- H. “Complainant”** – Definisyon **“Pleyan”** – Pleyan deziye nenpòt manb Konsèy, anplwaye Distri, konsiltan, kontrakté, ajan, vizitè, volonté, élèv, oswa tout lòt moun ki rapòte yon zak bullying, swa vèbalman, swa ak yon mwayen elektwonnik oswa alekri.
- I. “Victim”**- Definisyon **“Viktim”** – Viktim deziye nenpòt manb Konsèy, anplwaye Distri a, konsiltan, kontrakté, ajan, vizitè, volonté, élèv, oswa tout lòt moun nan lekòl la oswa andeyò lekòl la ki patisipe nan evènman ak aktivite sou patwonnaj lekòl la, nan bis lekòl, nan sant fòmasyon oswa nan pwogram fòmasyon sou patwonnaj Distri a, yo rapòte moun sa viktим yon zak bullying pandan yon pwogram ak aktivite edikasyonèl SBBC òganize.
- II. Atant:** Broward County School District (Distri eskolè Broward County) atann aske élèv ak anplwaye kondwi tèt yo selon nivo devlopman yo, matirite ak abilite yo teni kont dwa ak byennèt lòt élèv epi estaf lekòl la, bi edikasyon ki soutni tout aktivite eskolè, ak antretyen enstalasyon ekipman eskolè.
- A. Distri eskolè a entèdi zak entimidasyon (bullying) nenpòt élèv oswa anplwaye lekòl poze:

1. Pandan pwogram ak aktivite edikasyon SBBC òganize;
 2. Pandan nenpòt pwogram oswa aktivite anrapò ak lekòl la oswa sou patwonaj lekòl la oubyen nan bis lekòl SBBC;
 3. Avèk itilizasyon nenpòt aparèy elektwonnik oswa done elektwonik pandan li nan lekòl la oswa nan bis lekòl, avèk lojisyèl (sofwè) konpitè ki aksede grasa yon konpitè, system konpitè, oswa rezo konpitè SBBC. Anplasman fizik oswa moman aksè nan konpitè lè ensidan an pase pap kapab diskite kòm yon mwayen defans nan aksyon disiplinè inisyé anba seksyon sa.
 4. Avèk mennas, anplwaye oswa elèv itilize mwayen ki site anwo a pou egzekite mennas la nan lekòl la menm. Lòt mwayen itilize se fè mennas ki egzekite andeyò lè lekòl la fonksyone, vrè bi se egzekite mennas la pandan pwogram oswa aktivite anrapò ak lekòl la oswa sou patwonnaj lekòl la, oswa nan bis lekòl SBBC.
 5. Distri a pap responsab pou ensidan ki pase nan estasyon bis oswa sou wout aleretou pou ale lekòl epi soti lekòl; yon elèv oswa yon temwen ka pote plent si li swiv menm pwosedi zak bullying kont yon elèv, epitou lekòl la va envestige ak/oswa founi asistans ak entèvansyon si direkṭe lekòl/envestigatè deziye anchaj ankèt administratif, jije èd sa nesesé; lekòl la ka itilize tou resous School Resource Officer (Ofisyè polis resous nan lekòl la). Direkṭe lekòl la/envestigatè deziye anchaj ankèt administratif dwe itilize systèm pou fè rapò nan Distri a (District Reporting Systems) pou anrejistre tout rapò ak entèvansyon. Si abilte pou yon elèv resevwa yon edikasyon oswa abilte pou lekòl la founi edikasyon afekte yon fason siyifikatif, selon desizyon administrasyon distri eskolè a, sanksyon disiplinè ka aplikab, gade Section V. A. 1.a nan regleman sa.
 6. Alòske ensidan entimidasyon (bullying) (sibeéntimidasyon oswa lòt ensidan) ka pase andeyò kanpis la epi se pa vrè mennas ki ka egzekite diran lè lekòl fonksyone, si abilte pou yon elèv resevwa yon edikasyon oswa abilte pou lekòl la founi edikasyon afekte yon fason siyifikatif, selon desizyon administrasyon distri eskolè a, sanksyon disiplinè ka aplikab.
- B.** Tout administratè, pwofesè, ak estaf, an kolaborasyon avèk paran, elèv, ak manm kominate a, va enkòpore metòd sistemik pou rekonesans elèv ak estaf atravè aplikasyon metòd ranfòsman pozitif pou bon kondwit, disiplin tèt ou, sivis, ak siksè akademik, jan sa endike nan plan konpòtman pozitif ki rekondamné pou lekòl, plan ki abòde kesyon kilti ak konpòtman pozitif nan lekòl. Lekòl yo dwe kolabore ak Ekip Disiplin epi ak Ekip kolaborasyon pou rezolisyón pwoblèm [*Discipline Team and Collaborative Problem Solving Team (CPST)*] pou rezoud vyolans ak prevansyon zak entimidasyon (bullying) epitou enkòpore estrateji ak entèvansyon nan tout nivo Repons a entevansyon [*Response to Intervention (RtI)*]. Lekòl yo va itilize sistèm enfòmasyon sipò akademik ak konpòtman [*Behavior Academic Support Information System (BASIS)*] pou kolekte done elèv, saldeklas ak done lekòl nan bi reyalize tach sa yo.
- C.** Dwa elèv, sanksyon disiplinè ak pwosedi regilye e jis (due process) esplike selon gran liy ki dekri nan regleman sa ak nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv: konfòme ak nòm rezonab konpòtman sosyal ki aseptab, respekte moun, pwopriyete ak byen, dwa lezòt, obeyi otorite konstifye, epi obeyi moun ki an pozisyon egzèse otorite.
- D.** Lekòl la dwe pran mezi prevansyon ak entèvansyon apwopriye selon nivo gravite enfraksyon an jan sa esplike nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv, Plan Disiplin, ak Regleman sa. Ou ka jwenn aksè nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv avek lyen sa:
<https://www.browardschools.com/Page/38107>.

III. Responsabilite Patisipan ki enterese

A. Student Support Initiatives & Recovery's School Climate & Discipline (SC&D)

Department/Depatman klima eskolè & disiplin (SC&D) Sipò Elèv Inisyativ ak Rekonstriksyon: Pwofesyonèl *Student Support Initiatives & Recovery*, an kolaborasyon ak lòt depatman nan Distri a, va kreye pwogram fòmasyon pou tout manb estaf, envestigatè deziye anchaj ankèt administratif (*Investigative Designees*), lyezon prevansyon, elèv, fanmi, ak patisipan kominotè ki enterese nan aplikasyon Regleman sa epi tabli pwosedi asosye pou pwomote siksé akademik, amelyore rezilyans, kreye aktif (asset) pou asire devlopman, epi pwomouwwa faktè pwoteksyon. Tout pwogram fòmasyon ki mansyone va pèmèt devlope nan chak lekòl epi andedan Distri a yon klima ak milye ki favorize sekirite ak respè timoun epitou konviksyon ke granmoun la pou pwoteje epi ede timoun-yo. Diplis, elèv ak estaf (enkli, men pa limite ak, anplwaye nan lekòl la, administratè, estaf distri a, estaf konseye oryantasyon ak chofè bis) va resevwa teknik, trening ak zouti ki nesesé pou kreye yon bon fondasyon pou prevni, idantifye, envestige ak entèvni lè gen pwoblèm bullying (entimidasyon, agresyon, brimad, etc).

B. Lekòl: Chak direktè lekòl va:

1. Deziye yon lyezon prevansyon ki va aji kòm kontak SC&D e ki va difize resous ki anrapò ak prevansyon. Anplwaye deziye se pèsonèl enpòtan nan lekòl la, ki chak ane va patisipe nan trening ak pwogram fòmasyon epitou yo va resevwa metòd prevansyon ak entèvansyon pou konbat zak entimidasyon ak sibètentimidasyon (*bullying/cyberbullying*) epi vin okouran sou lòt kesyon prevansyon ki afekte kilti lekòl, sekirite, ak byennèt elèv-yo epi estaf. Lyezon prevansyon va fè pati ekip eskolè anchaj prevansyon ak efò pou rezoud zak vyolans ak sekirite nan lekòl. Si lekòl la poko fòme yon ekip, lyezon prevansyon ka kreye youn. Pou pi piti, fòme yon ekip ak anplwaye nan administrasyon, konsèy oryantasyon (guidance), epi enstriksyon.
2. Nonmen youn oswa plizyè envestigatè (*Investigative Designee*) ki se administratè epi se sèl anplwaye, apa direktè lekòl, ki va resevwa epi envestige ka plent kont zak entimidasyon (*bullying/arasman*).
3. Bay direktiv sou zak entimidasyon ak arasman, selon fason ki pwogramme epi kontinyèlman toutolon ane eskolè a epitou entegre li nan kourikoulòm lekòl la ak nan pwogram ak efò prevansyon ak entèvansyon pou konbat bullying ak vyolans.

C. Resous kominote: Pwofesyonèl k'ap travay nan depatman *Student Support Initiatives & Recovery*, an kolaborasyon avèk lòt depatman nan Distri a, va fòme divès patisipan nan kominote a, pou-pwofi, non-pwofi, ajans polis onivo lokal, konte, ak Leta, epi òganizasyon reliye nan bi difize epi distribye bay elèv, fanmi yo epi estaf lekòl la, materyèl enstriktif pwogram prevansyon vyolans. Kolaborasyon an va pemèt itilize yon fason efikas resous ki disponib nan distri eskolè a ak nan kominote a anmenmtan kolaborasyon an va founi sèvis san pwoblèm kote chak lekòl ak elèv resevwa yon bon fòmasyon sou prevansyon vyolans.

D. Entèvansyon ak kourikoulòm baze sou evidans: Manb estaf depatman *Student Support Initiatives & Recovery SC&D* va sèvi kòm kodonatè epi enstriktè pwogram prevansyon pou estaf lekòl ki deziye epi ak ajans ekstèn/patnè kominotè. Anplwaye ki fòme nan kesyon Prevansyon (egzanp, lyezon prevansyon, estaf ak patnè kominotè SC&D) apresa va kolabore kòm “patnè prevansyon vyolans” pou kreye yon lis pwogram prevansyon ak entèvansyon sou bullying, distri a apwouve. Lis la va enkli entèvansyon baze sou evidans, kourikoulòm, ak pwogram ki bay bon rezulta ke yo ka itilize nan lekòl yo epitou ki va edike sou idantifye, prevni ak entèvni lè zak entimidasyon (*bullying*) oswa arasman poze, epi

edike sou fason pou rekonèt konpòtman ki ka mennen a bullying ak arasman epi pran mezi prevansyon ki apwopriye baze sou obsévasyon; élèv, paran, pwofesè, administratè lekòl, estaf counseling, ak volontè lekòl la ka bennefisiye de anséyman an. Depatman *Student Support Initiatives & Recovery's SC&D* va ofri asistans epi mete an plas pwogram prevansyon epitou pwogram baze sou evidans depi gen ase finansman.

E. Patisipasyon ak patenarya paran: Pwofesyonèl depatman *Support Initiatives & Recovery's SC&D*, an kolaborasyon ak lòt depatman Distri a, va founi opòtinite epi ankouraje paran patisipe nan efò prevansyon avèk piti yo yon fason siyifikatif ki reponn a bezwen akademik, sosyal-emosyonnel ak sante piti yo. Distri a va ofri paran ak asosiyasyon paran, fòmasyon sou prevansyon vyolans ensike konesans ak/oswa opòtinite patisipe nan inisyativ sou prevansyon vyolans, inisyativ ki ankou e k'ap dewoule nan lekòl yo grasa sitweb Distri eskolè a, chenn televizyon *Broward Education Communication Network (BECON)*, lekòl pòt louvri pou vizit paran (open houses), bilten nouvèl (newsletters) pou paran/lekòl. Fòmasyon sa yo va founi resous ak sipò pou paran epi konekte yo ak sipò entèn epitou oryante paran kote yo ka resevwa resous kominote a, si sa nesesè.

F. Evalyasyon efikasite sévis: Evalyasyon pou detémire efikasite ak efisyans sévis ki founi va fêt omwens chak twazan (3) epi enkli rezilta baze sou done. Rezilta yo va sèvi pou fè modifikasyon nan pwogram fòmasyon, kourikoulòm ak pwogram.

G. Responsabilite: Sipéentandan, lòt administratè distri a, *Chief of School Performance & Accountability* (Direktè/tris Pèfomans ak Responsabilite nan Lekòl) ak estaf li va pataje responsabilite mete an plas sévis sipò pou élèv konfòmeman ak nòm regleman sa. Administratè yo va pran tout mezi nesesè pou asire sévis sipò pou élèv entegre toutafè avèk konpozan pedagojik nan chak lekòl epi sévis yo kontinye ak menm efò nan politik ak pratik.

IV. Yo va òganize pwogram fòmasyon ak trening pou élèv, paran, pwofesè, estaf distri, administratè lekòl, ak estaf sipò pou élèv, estaf konsèy ak oryantasyon (counseling), chofè bis, Ofisyè polis/Depite Resous Lekòl, kontraktè ak volontè nan lekòl. Trening la ensiste sou idantifye, prevni ak entèvni lè zak bullying (entimidasyon, agresyon...) poze.

A. Odebi chak ane eskolé, direktè lekòl la/administratè deziye ak/oswa administratè distri ki apwopriye va prevwa epi founi:

1. Fòmasyon ak trening ki rekondande selon regleman sa (policy), pwosedi pou rapòte ensidan, envestigasyon ak apèl, pwogram fòmasyon an vize élèv, estaf lekòl, paran, oswa lòt moun ki anchaj byennét yon élèv, ak
2. Referans apwopriye ke anplwaye, élèv, paran ka konsilte nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv, manyèl pou anplwaye, sitweb lekòl la, ak/oswa atravè lòt mwayen rezonab.

V. Sanksyon disiplinè (konsekans) ak pwosedi regilye e jis (due process) pou yon moun ki poze yon zak intimidasyon anba regleman sa.

A. Pou detémire si yon aksyon oswa yon ensidan anpatikilye konstitye yon vyolasyon regleman sa fòk nou konsidere tout fè ak sikorans ki antoure yo, answit detémire ki sanksyon disiplinè ki apwopriye pou otè zak la selon pozisyon li nan Distri a. Anplasman fizik oswa moman aksè nan konpitè lè yon ensidan te pase pap ka diskite kòm mwayen defans nan aksyon disiplinè ki inisyie.

1. Konsekans ak entèvansyon apwopriye aplikab nan ka elèv ki komèt zak bullying, nou ka konsidere entèvansyon pou konpòtman pozitif, men pa limite ak, sispanasyon jan sa esplike nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv, Plan Disiplin, ak Regleman sa.
 - a. Yo va pran tout mezi nesesè pou pwoteje viktim la kont plis vyolasyon regleman sa, epi ka enkli, men pa limite ak, mande akize a ale nan yon lekòl diferan kote ensidan an pat pase. Se sèl Sipéentandan/deziye li ki ka apwouwe transfè nan yon lòt lekòl. Nan ka sa, Distri a va bay transpòtasyon.
 - b. Viktim ki benefisyе bous detid Hope Scholarship va resevwa yon alokasyon. Ranpli aplikasyon an pou ou resevwa montan alokasyon. Distri a pap bay transpòtasyon.
2. Nou ka jwenn konsekans ak entèvansyon apwopriye aplikab nan ka yon anplwaye lekòl/distri a ki komèt yon zak entimidasyon (bullying), esplike nan regleman, pwo sedi, ak akò Distri a (*Policy 4.9, Employee Disciplinary Guidelines, Part I, Section b and Policy 2410, Workplace Violence, Rules*) ak *Education Professionals' Contract Agreement, Broward Teachers Union (BTU)*. Diplis, edikatè sétifye ki komèt zak bullying chokan ka lakòz sanksyon kont sétifika Leta emèt nan non yon edikatè (Rule 6B-1.006 F.A.C.).
3. Konsekans ak entèvansyon apwopriye nan ka yon vizitè, volontè, oswa paran/gadyen komèt yon zak entimidasyon/bullying se sèl administratè lekòl la ki va pran yon desizyon apre egzamine nati ak sikostans zak bullying la epi li dwe voye tout rapò bay polis ak ajans ranfòsman lalwa.
4. Menm konsekans ak entèvansyon aplikab nan ka moun, kit se elèv, anplwaye lekòl, paran/gadyen, oswa vizitè/volontè/kontrakté endependan, ke yo jwenn fè akizasyon entansyonèl e enjis kont yon lòt moun, pou entimide li (bullying).

VI. Kouman pou rapòte yon zak bullying

- A. Nan chak lekòl, direktè/tris lekòl oswa envestigatè deziye responsab resevwa plent oral, elektwonnik, oswa alekri, avèk akizasyon vyolasyon regleman sa, oubyen vyolasyon enfraksyon ki esplike nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv.
- B. Elèv-yo ka siyale epi pote plent kont zak entimidasyon/bullying bokote nenpòt anplwaye distri eskolè a, pwofesè oswa estaf. Tout anplwaye Distri a, pwofesè ak estaf blije bay direktè/tris lekòl la, envestigatè deziye anchaj ankèt administrative (*Investigative Designee*), oswa administratè distri apwopriye, yon rapò alekri oswa selon yon mwayen elektwonnik, rapò ki enkli akizasyon sou zak bullying oswa vyolasyon Regleman sa e ki enplike elèv. Pa rapòte sa ka lakòz yon aksyon (plizyè aksyon) disiplinè, konfòmeman ak dispozisyon kontra kolektif, anplwa témime posib (SBBC Policy 2410, section 1). Nou ankouraje avèk fòs pwofesè oswa estaf Distri a ki sispek zak entimidasyon ant de adilt, dwe rapòte preyokipasyon li bay administratè lekòl oswa distri.
- C. Tout lòt manb kominote lekòl la ki gen enfòmasyon kredib sou yon zak entimidasyon (bullying) ki te poze, manb kominote dwe depoze plent kont zak entimidasyon (bullying), kit li se viktim oswa temwen.
- D. Tout elèv (ak/oswa paran nan non pleyan an si li minè) ki kwè li viktim yon zak bullying (oswa nenpòt moun, nenpòt elèv ki okouran ensidan an (oswa plizyè ensidan) ki enplike entimide elèv, nou ankouraje elèv la rapòte ensidan an (plis ensidan) bay ofisyèl nan lekòl la. Soumèt/depoze yon plent ositoke posib apre ensidan prezime epi antre plent la nan sistèm jesyon plent bullying [*Bullying Management System (BMS)*], men soumèt/depoze

plent la nan katrevendis jou (90) jou lekòl apre ensidan prezime (vledi nan 90 jou lekòl apre dènye zak bullying prezime). Si bòkote viktим la li pa inisyе plent la ak/oswa fē swivi nan peryòd tan sa yo ka konsidere plent la abandone. Pou kategori pwoteje ki kouvri anba Policy 4001.1, yon delè diferan aplikab.

- E. Direktè/tris chak lekòl nan Distri a dwe tabli, epi enfòme élèv, estaf, volontè, ak paran, jan pou depoze/soumèt yon plent epi ki aksyon yo ka pran. Direktè/tris fē piblisite toupatou pou enfòme.
- F. Yon anplwaye distri eskolè a, vizitè nan lekòl la oswa volontè, kontraktè, élèv, paran/gadyen oswa tout lòt moun ki rapòte rapidman e an tout bonn fwa yon zak bullying bay otorite anchaj nan lekòl la, e ki fè rapò sa konfòmeman ak pwosedi ki esplike nan Regleman (Policy) Distri a, alabri de tout kòz dakson pou domaj ki derive de rapò a, oubyen si li pap pote solisyon diran ensidan ki rapòte a. Soumèt an tout bonn fwa yon plent oswa fē yon rapò sou zak entimidasyon/bullying pap afekte anplwa fiti, nòt, anviwonnanman aprantisaj oswa milye travay pleyan oswa rapòte a, andedan SBBC.
- G. Administratè, Direktè/tris lekòl, envestigatè deziye anchaj ankèt administratif, dwe dokimante nan BMS tout plent/konplent konsènan zak entimidasyon/bullying, pou asire pwoblèm yo trete epi rezoud korèkteman e nan yon delè rezonab, kit rapò a fêt vèbalman, elektwonikman oswa alekri.
- H. Pou rapòte ensidan san ou pa bay non ou itilize fòm rapòte zak bullying, *Broward County Public Schools Anonymous Bullying Report Form* (fòm la disponib sou sitweb Distri a, *School District*, www.browardschools.com; kliké sou Special Investigative Unit; kliké sou report anonymous tips), epi kite yon nòt nan bwat mesaj Anonymous Reporting Box lekòl la, oswa vizite Special Investigative Unit sou Entènèt sou sitweb yo www.broward.k12.fl.us/siu/tips oswa rele liy telefòn pou siyale pwoblèm, *Emergency/Silence Hurts Tipline* nan nimewo (754) 321-0911. Nenpòt moun ki vle soumèt yon rapò kont zak bullying, voye yon imel bay school911@browardschools.com oswa yon mesaj téks bay 'SBBC' [espas], plus mesaj téks a CRIMES (274637). Administratè va itilize BMS pou note tout rapò ak entèvansyon. Yo pap pran yon aksyon disiplinè fòmel baze sèlman sou denonsyasyon anonim ki fè pati yon rapò.

VII. Konplent ak Rezolisyon Zak Entimidasyon

- A. Envestigasyon sou yon zak bullying oswa arasman ki rapòte konsidere kòm yon aktivite lye ak lekòl la epi konmanse avèk zak ki siyale nan rapò a. Ensidan ki ekzije yon envestigasyon rezonab lè yo rapòte l bay responsab anchaj nan lekòl la ki va egzamine ensidan entimidasyon oswa arasman prezime e ki komèt kont yon timoun pandan timoun lan prale lekòl abò bis lekòl oswa kanpe nan estasyon bis lekòl.
- B. Direktè lekòl/envestigatè deziye anchaj ankèt administratif se sèl moun nan lekòl la ki dwe resevwa, envestige epi dokimante tout plent alekri epi antre nan BMS pou asire pwoblèm yo rezoud nan yon tan rezonab. Swiv menm pwosedi pou konplent anonim. Alòske Regleman sa ankouraje tout élèv itilize pwosedi pote plent fòmel alekri, responsab ofisyèl nan lekòl la "ta dwe envestige tout plent ak rapò arasman, kit se yon konplent alekri ou non," selon deklarasyon Ofis pou dwa sivil nan gid pwoteje élèv de arasman ak krim rayisab, *Protecting Students from Harassment and HateCrime: A Guide for Schools, Part II* (1999).

- C. Si plent la konsène direktè/tris lekòl la oswa sipèvizé dirék yon manb pèsonèl distri a, alò yo va mande Chief School Performance & Accountability Officer/Deziye li oswa administratè distri apwopriye egzamine plent la epi jwenn yon rezolisyon.
- D. Direktè/tris lekòl/envestigatè deziye anchaj ankét administratif e ki resevwa fòmasyon va detémine si yon zak entimidasyon oswa arasman ki siyale nan kad konpetans Distri a.
 - 1. Si Distri a konpetan pou egzamine plent la, ale dirék anba a seksyon Pwosedi pou envestige bullying, sibètentimidasyon a, ak /oswa arasman jan sa dekri anba a. Si ka a pa nan kad konpetans ak responsablitè Distri a, epi yo detémine se yon zak kriminèl prezime, refere ka a bay lapolis/ajans ranfòsman lalwa, founi tout entèvansyon ki nesesè, epi dokimante selon Regleman sa.
 - 2. Si zak la pa nan kad konpetans Distri a, epi yo detémine zak la pa kriminèl, enfòme paran/gadyen tout elèv ki enplike, founi entèvansyon ki apwopriye epi dokimante selon Regleman an (Policy).
- E. Rezolisyon Enfòmèl – Informal Resolution: yo dwe trete tout plent kòm plent Fòmèl, esepte si administratè ansanm ak viktим prezime epi elèv ki akize, dakò pou rezoud konplent la yon fason enfòmèl. Viktим prezime ak elèv akize dwe fè yon demann alekri pou Rezolisyon Enfòmèl. Tout entèvyou avèk viktим prezime, akize prezime epi temwen dwe dokimante epi fèt separeman, an prive, epi rete konfidansyèl. Nan okenn moman, yo dwe entèwoje ansanm akize prezime ak viktим prezime. Yo dwe dokimante ensidan an ansanm ak rezolisyon an epi telechaje tout demann alekri nan BMS. Tanpri note Rezolisyon Enfòmèl pap pèmèt detémine si yon zak bullying te poze.
 - 1. Si pita Rezolisyon Enfòmèl echwe, kommanse imedyatman avèk pwosedi Rezolisyon Fòmèl.
- F. Rezolisyon Fòmèl - Formal Resolution: viktим prezime/pleyan/elèv/anplwaye oswa paran (toulede paran), nan non elèv-la, ka depoze/soumèt yon plent bòkote direktè lekòl, envestigatè deziye anchaj ankét administratif oswa administratè distri apwopriye. Yo ka depoze/soumèt demann la swa vèbalman, alekri, selon yon mwayen elektwonnik oswa itilize fòm pou rapòte plent nan lekol publik Broward County, *Broward County Public Schools Bullying Complaint Report Form*. Fòm sa disponib sou sitweb Distri lekòl, www.browardschools.com, nan biwo administrasyon chak lekòl, oswa sou sit distri/depatman.
- G. Rezolisyon an, tout entèvyou ak entèvansyon ki te fèt nan dat korespondan va dokimante alekri epi note nan sistèm jesyon BMS.

VIII. Kondisyon egzijib nan sitiyasyon envestigasyon pou zak ki rapòte anba regleman sa

- A. Se direktè lekòl-la/oswa envestigatè deziye anchaj ankét administratif ki dwe mennen pwosedi ankét sou zak entimidasyon, agresyon... (bullying) nan lekòl la, nan ka yon sitiyasyon bullying ant de elèv. Direktè lekòl/envestigatè deziye dwe swiv yon fòmasyon, chak ane, sou pwosedi ankét ak entèvansyon jan sa dekri nan regleman sa (Policy). Pou ensidan ki pase nan distri a, oswa ensidan bullying ant de granmoun, administratè apwopriye va responsab envestige jan sa dekri nan regleman sa **epi ankét la va fèt anmenmtan epi anplis**, konsidere tout pwosedi apwouve epi aplikab pou discipline estaf la. Tout administratè

distri a ki gen otorite sipévize epi pran mezi disipliné dwe swiv yon fòmasyon, chak ane, sou pwosedi ankèt konsènan manb estaf ki akize.

- B.** Envestigate/administratè pa ka akize a oswa viktim prezime.
- C.** Depatman Edikasyon Florid ekzije administratè lekòl yo voye yon notifikasyon imedyat bay paran nan vennkatrè (24è) pou enfòme alafwa paran viktim prezime ak akize prezime de zak entimidasyon (bullying) oswa arasman. Lekòl la va voye pa lapos bay viktim prezime yon kopi orijinal fòm notifikasyon bous, *Hope Scholarship Notification Form*. Lekòl la va voye pa lapos bay paran elèv akize yon lét notifikasyon inisyal pou akize, *Accused Initial Notification Letter*. Toude fòm-yo disponib nan BMS ak/oswa DMS SharePoint.
- D.** Direktè lekòl/envestigate deziye anchaj ankèt administratif oswa administratè distri apwopriye dwe konmanse yon envestigasyon apwonfondi epi entèwoje viktim prezime ak akize a nan de (2) jou lekòl apre lekòl la resevwa notifikasyon konplent la.
- E.** Pandan envestigasyon an, direktè lekòl/envestigate deziye anchaj ankèt administratif oswa Chief/Deziye School Performance & Accountability/administratè distri a ka pran tout mezi nesesè pou pwoteje pleyan an, viktim prezime, lòt elèv oswa anplwaye konfòmeman ak egzijans regilasyon epi lwa anvigè.
 - 1. Tout entèvyou avèk viktim prezime, akize prezime, epi temwen dwe fèt an prive, separeman, epi dwe rete konfidansyèl. Yo va entèwoje chak endividé (viktim prezime, akize prezime, ak temwen) apa epi nan oken moman akize prezime ak viktim prezime dwe entèwoje ansanm.
 - 2. Nan oken moman diran ankèt la, envestigate a pa dwe revele non pleyan an.
 - 3. Envestigate va kolekte epi evalye tout fè, enkli, men pa limite ak:
 - a. Deskripsyon ensidan (plizyè ensidan) ikonpri nati konpòtman an; nan ki konteks yon ensidan oswa plizyè ensidan prezime rive, etc.;
 - b. Konben fwa konpòtman an rive;
 - c. Si te gen ensidan anvan sa oswa konpòtman repetitif anvan sa;
 - d. Relasyon ant pati ki enplike;
 - e. Karakteristik pati ki enplike (vledi ki klas yap fè, laj, etc.);
 - f. Idantite ak kantite moun ki te patisipe nan zak entimidasyon (bullying) sa oswa te manifeste konpòtman arasman sa;
 - g. Ki kote yon ensidan (plizyè ensidan) prezime te pase;
 - h. Si konpòtman an te gen yon efè negatif sou edikasyon oswa anviwonnan edikatif elèv la;
 - i. Si viktim prezime a te santi oswa pèsevwa dezekilib pouvwa alaswit ensidan ki rapòte a; epi
 - j. Dat, akilè, epi fason yo te kontakte paran/responsab legal tout pati ki enplike.
 - 4. Anjeneral, elèv pleyan ak/oswa viktim prezime va kontinye frekante menm lekòl la epi pouswiv etid yo jan sa prevwa pandanke lekòl la ap mennen ankèt la epi annatandan rezolisyon konplent la. Tribunal ki rann yon òdonans legal aseptab.
 - 5. Lè sa nesesè pou mennen ankèt oswa pou rezon valab, epi konfòmeman ak lwa federal epi leta sou pwoteksyon vi prive, direktè lekòl/envestigate deziye anchaj ankèt administratif oswa direktè distri apwopriye kapab diskite plent la avèk nenpòt anplwaye distri eskolè, paran viktim prezime, paran pleyan oswa akize, si youn oswa toulede minè (oswa bay konsantman li oswa se yon adilt yo jije ki enkonpetan oswa li

- pap kapab bay konsantman enfòme poutèt andikap li), avèk/oswa ajans pwoteksyon anfans ki responsab envestige abi timoun.
6. Pandan envestigasyon an si anplwaye a se akize a, direktè lekòl/envestigatè deziye anchaj ankèt administratif oswa Chief/Deziye Pèfòmans & responsablite nan lekòl/administratè distri ka rekommande ke Ofisyè resous imen, Chief Human Resources Officer/deziye li, pran tout mezi nesesè pou pwoteje pleyan an, viktim prezime, oswa lòt elèv oswa anplwaye, konfòmeman ak egzijans lwa aplikab, Regleman State Board of Education, School Board Policies, ak kontra kolektif anplwaye.
 7. Yo va notife parèn rapidman lekòl la pran yon seri mezi ak aksyon ki nesesè pou pwoteje viktim prezime a. Notifikasyon va fêt swa alekri, nan telefòn oswa pandan yon konferans pèsonèl; frekans notifikasyon va depann de gravite ensidan zak entimidasyon (bullying), men ominimòm lekòl la va kominke avèk parèn viktim prezime chak de jou lekòl diran envestigasyon an.
 8. Nou va asepte epi envestige tout plent sibéentimidasyon (cyberbullying). Nou va itilize konpitè san sofwar ki filtre kontni web oubyen itilize konpitè avèk sofwar ki filtre kontni web lè n'ap envestige konplent sibéentimidasyon. Pandan envestigasyon an, direktè lekòl/envestigatè deziye anchaj ankèt administratif va deside si zak la nan
 9. kad responsablite sistèm distri eskolè a lè li evalye si zak sibéentimidasyon reponn kritè enpòtan ki ka afekte abilte pou lekòl la founi yon edikasyon, oswa abilte pou elèv la resevwa yon edikasyon. Si se ni youn ni lòt, lekòl la va voye referal bay jiridiksyon ki apwopriye.
- F. Nan kenz (15) jou apre lekòl la resevwa plent la, direktè lekòl la/envestigatè deziye anchaj ankèt administratif oswa administratè distri apwopriye va pran yon desizyon sou validite akizasyon ki nan plent la epi sou ki mezi korektif yo ka pran, si posib, konfòmeman ak Plan Disiplin la. Lekòl la va voye notifikasyon imedyat bay Inite spesyal envestigasyon, *Broward Schools Special Investigative Unit (SIU)*, epi bay tout ajans lokal pou pouswit kriminèl kont oté zak entimidasyon (bullying) oswa arasman si posib.
- G. Direktè lekòl/envestigatè deziye anchaj ankèt administratif (Investigative Designee) oswa administratè distri apwopriye va antre konklizyon ankèt la nan BMS epi enfòme nan yon lèt tout pati ki konsène pa desizyon an, elijibilite viktim prezime pou pwogram bous Hope Scholarship Program, ensike dwa pou fè apèl. Yo va voye pa lapos tout lèt notifikasyon nan kenz (15) jou apre lekòl la resevwa plent la. Yo va mete nan BMS ak/oswa DMS SharePoint lèt notifikasyon ki enfòme de desizyon final pou akize a e viktim prezime. Lekòl la va voye yon kopi desizyon final bay lekòl dorijin epi note nan tout sistèm swivi done enpòtan kòm bullying (BUL), arasman (HAR), non fonde (UBL) ak arasman non fonde (UHR) enkli men pa limite ak BMS, SESIR epi sistèm rapò sou sekirite nan lekòl atravè eta ak done sou disiplin (Statewide Report on School Safety and Discipline Data system).
- H. Si akize a se yon anplwaye, yo ka pran mezi disiplinè, konfòmeman ak dispozisyon kontra kolektif ki aplikab, pou rezoud yon plent (Policy 4.9, Employee Disciplinary Guidelines – Gid Disiplin pou Anplwaye). Sipèviziè/deziye (egzanp direktè lekòl/deziye pou anplwaye nan milye eskolè) ki sipèvize anplwaye a va diskite desizyon ak tout mezi koreksyon ki rekommande avèk Direktè Pèfòmans ak responsablite eskolè (School Performance & Accountability) pou aksyon nan milye eskolè, oswa avèk direktè distri apwopriye, pou aksyon nan distri a.
- I. Yo pap tolere okenn moun fè revanj kont yon moun ki soumet yon plent pou yon zak bullying ki te poze epi si tire revanj rive toutbonvre, yo va konsidere plent la kòm yon zak bullying adisyonèl selon dispozisyon Regleman sa.

IX. Referal pou Entèvansyon

- A. Anplwaye pèsonèl lekòl la oswa paran ka mande yon referal pou yon elèv avèk Ekip kolaborasyon pou rezoud pwoblèm -*Collaborative Problem-Solving Team*- (oswa yon ekip eskolè ekivalan, ki fokis sou rezolisyón pwoblèm) pou eggzamine sévis ki apwopriye nan kad pwosedi rezolisyón pwoblèm nan lekòl la, demand la ka fêt bòkote direktè lekòl/envestigatè deziye anchaj ankét administratif. Notifye paran obligatwa. Lè yon rapò disiplin fòmel oswa yon plent fòmel depoze, direktè lekòl/envestigatè deziye anchaj ankét administratif va refere elèv la (elèv-yo) bay Ekip kolaborasyon pou rezoud pwoblèm pou detémine si elèv la bezwen sipò ak entèvansyon akonpaye de seyans konsèy (counseling).
- B. Sèl yon administratè ka oryante pèsonèl lekòl la oswa distri a epi voye yon referal bay Pwogram Asistans Anplwaye (EAP) pou jwenn sévis ki apwopriye pou anplwaye a.
- C. Ekip kolaborasyon ki rezoud pwoblèm va detémine entèvansyon ak asistans ki nesesè epi ka enkli, men pa limite ak sévis sa yo:
 - 1. Konsèy (counseling) ak sipò pou viktim prezime yon zak bullying.
 - 2. Konsèy (counseling) ak sipò pou temwen.
 - 3. Entèvansyon ak konsèy pou ede elèv ki manifeste konpòtman pou entimide (bully) lezòt (egzanp fòmasyon sou jan pou itilize senpati anvè lezòt, jere kolè.)
 - 4. Entèvansyon avèk asistans epi sipò ke paran ka resevwa.
 - 5. Analiz ak evalyasyon kilti lekòl la avèk rekommandasyon pou entèvansyon ki vize ogmante sipò lòt elèv ak santiman apatnans nan kominote elèv.
- D. Refere tèt ou (self-referral) pou yon konsiltasyon enfòmel: anplwaye Distri a, elèv oswa paran ka mande yon konsiltasyon enfòmel avèk estaf lekòl la: (egzanp travayè sosyal lekòl la, konseye oryantasyon /school counselor, sikològ lekòl la, Lyezon prevansyon/Lyezon EAP, etc.) pou detémine si preyokipasyon yo grav epitou pran mezi ki apwopriye pou rezoud pwoblèm entimidasyon/bullying (paran elèv ki konsène ka enplike) demand la ka fêt vèbalman oswa alekri, bòkote direktè lekol/envestigatè deziye anchaj ankét administratif.
- E. Tout envestigasyon ak entèvansyon dwe anrejistre nan BMS.

X. Kondisyon egzijib pou rapòte ensidan

- A. Pwosedi pou enkli ensidan entimidasyon (bullying) nan rapò lekòl la sou done sekirite ak disiplin dwe egzijibleman fè pati rapò a anba atik F.S. s. 1006.09(6). Rapò a dwe enkli chak ensidan bullying ak konsekans derive, disiplin, entèvansyon ak referal. Nan yon seksyon apa, rapò a dwe enkli chak ensidan bullying oswa arasman ki siyale e ki pa reponn a kritè yon zak entèdi anba regleman sa, avèk rekommandasyon sou ensidan an.
- B. Distri eskolè a va itilize rapò SESIR Florid, *School Environmental Safety Incident Reporting (SESIR)* ki kolekte done anrapò ak sekirite epi disiplin nan lekòl atravè tout eta (*Statewide Report on School Safety and Discipline Data*), e ki enkli kòd apwouve pou entimidasyon ak arasman.
- C. Disiplin, done referal, envestigasyon, entèvansyon, ak mezi disiplinè, anrejistre nan sistèm jeyon disiplin/*Discipline Management System (DMS)*, nan BMS, ak lòt sistèm done, ak lòt enfraksyon ki dekri nan Liv Kòd Kondwit pou Elèv.

XI. Pwosedi referal pou envestigasyon ekstèn

- A. Si zak la pa nan kad responsablite Distri a, epi yo detémine se yon zak kriminél, touswit refere ka a bay lapolis/ajans ranfòsman lalwa ki apwopriye, notifye paran, epi direkté lekòl/envestigatè deziye anchaj ankét administratif va dokimante referal la nan BMS.
- B. Alòske Distri a pa asime okenn responsablite pou ensidan ki nesesite envestigasyon esktèn, distri a ankouraje direkté lekòl oswa envestigatè deziye anchaj ankét administratif (Investigative Designee) founi asistans ak entèvansyon si li jije sa nesesè, ikonpri itilize resous ofisyel polis lekòl la (*School Resource Officer*) ak lòt pèsonèl. Direkté lekòl/envestigatè deziye anchaj ankét administratif va itilize sistèm pou rapòte nan Distri a (*District Reporting Systems*) pou anrejistre tout rapò ak entèvansyon.
- C. Si viktim prezime se yon elèv, refere ka a pou envestigasyon ekstèn pa retire responsablite direkté lekòl/envestigatè deziye anchaj ankét administratif pou mennen yon ankét konplèt sou zak entimidasyon (bullying) epi pran yon desizyon final nan kenz (15) jou apre li resevwa konplent la.

XII. Pwosedi apèl

- A. Yon elèv dwe swiv etap pwosedi apèl pou zak entimidasyon (bullying) jan sa dekri nan Liv kòd kondwit pou elèv, “Dwa pou fè apèl “Right to Appeal Unfair Penalties.”
- B. Pwosedi apèl yo dwe swiv pou yon akize/anplwaye:
 1. Si akize a/anplwaye vle fè apèl rezolisyon plent la, depoze yon plent swa konfòmeman ak SBBC Board Policy 4015 oswa konfòmeman ak kontra kolektif.
 2. Pou anplwaye ki pa fè pati yon inite negosyasyon kontra, fè apèl annakò ak SBBC Policy 4015. Nan priz desizyon osijè plent la, konsidere:
 - a. SBBC Policy 4.9, Employee Disciplinary Guidelines – Gid disiplin anplwaye; ak
 - b. Jirispridans, lwa ak regilasyon leta epi federal, ak regleman Konsèy la ki entèdi zak bullying ak diskriminasyon epi Policy 4001.1.

XIII. Konfidansyalite

- A. Nan mezi sa posib, tout plent dwe trete kòm konfidansyèl epi konfòmeman ak SBBC Policy 5100.1, F.S. s. 1002.22(3)(d); lwa dwa edikasyon pou fanmi ak vi pri/*Family Educational Rights and Privacy Act ("FERPA")*; lwa sou asirans sante/ *Health Insurance Portability and Accountability Act ("HIPAA")* ak lòt lwa ki aplikab, tankou F.S. s. 119.07(1); 1012.31(3)(a); oswa 1012.796(1)(c).
- B. Devwale séten enfòmasyon ka nesesè pou mennen yon ankét konplèt, jan sa dekri anwo
 - a. Devwa Distri a se envestige epi pran mezi korektif ki ka ranplase dwa vi prive yon endividé ki pèdi séten dwa.
- C. Idantite pleyan dwe pwoteje, men konfidansyalite absoli pa garanti.

- D.** Nan mezi sa posib, idantite viktim prezime zak entimidasyon ki rapòte a dwe pwoteje.

XIV. Tire revanj entèdi

- A.** Tire revanj enkli nenpòt fòm entimidasyon, revanj oswa arasman parapò ak fè yon rapò, depoze yon plent oubyen ede nan yon envestigasyon anba Regleman sa. Lòt ka tire revanj posib.
- B.** Tout konpòtman revanj oswa menasan kont yon moun ki pote plent kont zak entimidasyon (bullying) oswa ki te temwaye, ede, oubyen patisipe, kèleswa fason an, nan yon envestigasyon, konpòtman revanj entèdi epi kòm esplike nan Regleman sa, va trete kòm yon nouvo ka bullying.

XV. Referal adisyonèl

Nan tout ka, Distri a rezève dwa li pou transmèt rezulta pwòp envestigasyon li bay pwokirè disetyèm tribinal Florid/*State Attorney for the Seventeenth Judicial Circuit of Florida* pou pouswit lajistik. Distri a andwa deside adopte nouvo mezi oswa abandone yo.

XVI. Garanti konstitisyonal

Regleman sa (policy) pa entèdi aktivite ekspresiv ki gen pwoteksyon Premye Amannman Konstitisyon Etazini oswa Atik I, Seksyon 4 Konstitisyon Leta Florid.

XVII. Preclusion - preklizyon

Yo pa dwe entéprete regleman sa kòmkwa pou anpeche yon viktim oswa yon akize mande reparasyon anba lòt lwa sivil oswa kriminèl ki akòde reparasyon.

XVIII. Severability -separabilite

Si dispozisyon regleman sa ilegal, envalid oswa inaplikab nan nenpòt jiridiksyon sa pap afekte nan jiridiksyon sa validite oswa egzekisyon lòt dispozisyon regleman an.

XIX. Modifikasyon nan Regleman

Omwen chak twazan Regleman an dwe reegzamine epi si sa nesesè, revize epi pote modifikasyon nan regleman an.

OTORITE LEGAL: F.S. s. 1001.41(1), (2) AND (5)

APLIKASYON LALWA: F.S. s. 1006.147, 1001.02; 1002.40(2), (3), and (6), 6A-6.0951; bous The Hope Scholarship Program F.S. s. 1002.40 and F.S. s. 1002.421.

REGLEMAN ADOPTÉ: 7/22/08

MODIFIKASYON NAN REGLEMAN: 6/15/10, 9/20/16, 2/4/20